



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DETAY SOU 21 PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAB A GRAN ECHÈL, POU LIVRE ENÈJI PWÒP BON MACHE POU MOUN NEW YORK YO

Sa Te Anonse nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2020 Gouvènè Cuomo a

Yo Prevwa Estimile Plis Pase 2.5 Milya Dola Envestisman Prive Dirèk epi Kreye Plis Pase 2,000 Pòs Travay Akoutèm ak Alontèm

L Ap Jenere Ase Enèji Renouvlab pou Alimante Plis Pase 350,000 Kay New York, Diminye Emisyon Kabòn ki Egal ak Si yo Retire Apeprè 300,000 Machin sou Wout yo

Reyafime Angajman Eta a pou Angajman Kominotè ak Sit ki Responsab

Akselere Pwogrè pou Objektif Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo pou 70 Pousan Elektrisite Eta a Soti nan Resous Renouvlab yo apati 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te revele jodi a detay sou sibansyon pou 21 pwojè enèji solè, enèji ewolyèn, ak estokaj enèji solè a gran echèl nan rejyon nò New York, k ap bay yon total 1,278 megawat nouvo kapasite enèji renouvlab. Pwojè sa yo, ke Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji (Energy Research and Development Authority) New York ak lòt ajans Eta ak ajans lokal yo ap asire ke yo lokalize epi devlope nan fason ki responsab, ap estimile plis pase 2.5 milya dola envestisman prive dirèk nan devlopman, konstriksyon ak operasyon yo epi kreye plis pase 2,000 travay akoutèm ak alontèm. Sibvansyon an akselere pwogrè New York vè objektif Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a pou 70 pousan elektrisite eta a soti nan sous renouvlab vè 2030, jan Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip Klimatik la (Climate Leadership and Community Protection Act) te sistematize l la, epi sipòte manda Eta a pou yon sektè elektrik 100 pousan san kabòn vè 2040.

"New York kontinye yon lidè nan pwojè enèji renouvlab a gran echèl nan yon fason ki pote avantaj ekonomik enpòtan ak travay nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk pwojè sa yo, n ap konstui estrateji agresif pou konbat chanjman klimatik la epi poze fondman pou yon avni dirab pou tout Moun New York."

Etap enpòtan sa demontre angajman New York nan tan reyèl pou mete anplas ajennda enèji pwòp ki pi anbisye a nan Etazini. Pwojè yo ke yo prevwa ap jenere plis pas 2.5 milyon megawat-è enèji renouvlab pa ane - ap bay ase pou alimante 350,000 kay epi diminye emisyon kabòn a plis pase 1.3 milyon tòn metrik pa ane, ki egal ak si

yo te retire apeprè 300,000 machin sou wout yo chak jou. Sibvansyon yo, ki bay yon total 1 milya dola Envestisman Eta a, enkli pwojè ki pwopoze òf 23 pousan pi ba pase òf nou te resevwa twa zan de sa, ki reprezante valè konsiderab pou Moun New York epi souliyen diminisyon depans kontini enpòtan nan enèji renouvlab.

Sibvansyon ke yo anonse jodi a se twazyèm nan yon seri akizisyon enèji renouvlab NYSERDA ki prevwa abouti sou devlopman plizyè douzèn pwojè enèji renouvlab a gran echèl pandan deseni k ap vini an. Pandan twa ane konsekitif, NYSERDA te demontre angajman antrepriz Eta a pou fè sektè enèji renouvlab la pwogrese, lè li sibvansyone plis pase 67 pwojè depi 2018 - angajman Eta ki pi enpòtan nan enèji renouvlab nan peyi a. Sibvansyon twa faz nan enèji renouvlab sa yo, konbine avèk angajman rekò New York nan ewolyèn nan zòn kotyè ki te anonse nan kòmansman ane sa, ap kapab jenere plis pase 12 pousan nan demann elektrisite yo prevwa pou eta a an 2030.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo e jan li te mete aksan nan diskou li a sou Sitiyasyon Eta a, pwogrè regilye New York nan pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo ap kreye yon avni enèji pwòp ki pi rapid e pi bon mache ke yo te janm prevwa. Pwojè sa yo, k ap apiye siksè nou pandan twa dènye ane sa yo, lè yo fini, ap livre yon kantite enèji pwòp, renouvlab ki enpòtan pou tout Moun New York pandan l ap ede nan kwasans ekonomi vè eta a. Avèk enpak chanjman klimatik la kite nan New York ak toupatou nan mond lan, avanse rapid nan fòm enèji renouvlab yo nesèsè".

Plizyè nan pwojè ki sibvansyone yo prevwa demare depi nan fen ane 2020 an e yo prevwa pou tout pwojè yo operasyonèl vè 2024. Pèman NYSERDA pou sibvansyon sa yo p ap kòmanse jiskaske pwojè yo jwenn tout pèmi ak apwobasyon lokal yo, epi kòmanse operasyon komèsyal yo. Nan kad demann NYSERDA a, soumisionè yo te sibi yon pwosesis revizyon ki sevè pou asire ke yo te angaje e y ap kontinye angaje nan sansibilizasyon kominotè ki efikas, epi adopte pratik lokalizasyon responsab nan tout pwosesis devlopman an. Atravè twazèm pwokirasyon ak akizisyon youn apre lòt yo, NYSERDA ap kontinye travay ak devlopè, lòt ajans Eta yo, ak pati ki konsène yo pou asire ke Eta a ka reyalize objektif enèji pwòp li yo pandan l ap pwoteje teren agrikòl enpòtan yo ansanm ak sa yo ki soutni resous ak abita anviwònmantral enpòtan yo.

Pliske Eta a kontinye pwogrè li vè sib enèji renouvlab 2030 lan, l ap kontinye mete aksan tou epi amelyore angajman ak kominote kote pwojè yo te devlope yo. Pou ede kominote yo dirèkteman, NYSERDA ap kontinye ofri resous ak asistans teknik san peye pou tout vil, komin ak vilaj nan tout eta a.

Pwojè yo te chwazi nan konpetisyon yo enkli 17 pwojè solè a gran echèl, ki reyafime New York kòm yon lidè nasyonal pou devlopman solè. Anplis, kat pwojè ewolyen a gran echèl te resevwa sibvansyon, ki konpoze ak twa modènizasyon redevlopman nan pwojè ewolyen ki egziste deja ak yon pwojè ewolyen a gran echèl. De pwojè solè yo se estokaj enèji pou amelyore entegrasyon resous enèji renouvlab nan griy elektrik, e k ap sipòte objektif nasyonal Eta a pou enstale 3,000 megawat estokaj enèji vè 2030. Y ap egzije tout 21 pwojè yo pou angaje pou asire ke yo peye travayè ki asosye ak

konstriksyon pwojè yo yon salè an vigè - ki se yon nòm Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor).

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation) la, Basil Seggos te deklare, "Lidèchip klimatik Gouvènè Cuomo etabli referans pou aksyon Eta a dirije. Pou reyalize objektif New York pou li lidè nan peyi a pou redwi emisyon gaz efè sè epi ogmante enèji renouvlab, nou dwe eksplwate potansyèl enèji ewolyèn ak enèji solè eta nou an. Anons jodi a se yon lòt prèv ke New York se lidè peyi a nan efò pou aji sou klima a pandan l ap pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl ki pa ka ranplase nou yo epi pouse devlopman ekonomik".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te di, "Politik enèjetik pwogresif ak angajman pou inovasyon Gouvènè Cuomo te rann sektè enèji pwòp la yon motè pou travay ak kwasans ekonomik. Depatman Travay la te jwen yon wol vital pou asire ke djòb ki kreye atravè enfrastrikti vè yo kreye karyè dekalite pou manm yo ak pou tout Moun New York".

Pri mwayen pondere sibvansyon an pou apèl d'of sa ap 18.59 dola pou pwodiksyon yon megawat pa è pandan dire 20 an tèm kontra yo akòde yo, ki se pri mwayen sibvansyon ki pi ba ki soti nan yon apèl d'of enèji renouvlab a gran echèl NYSERDA pandan plis pase yon deseni.

Men repatisyon 21 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo (dapre rejyon) yo:

Rejyon Kapital

- **Bald Mountain Solar:** Boralex ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Greenwich.
- **West River Solar:** Boralex ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Moreau.
- **SunEast Hilltop Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Schaghticoke.

New York Santral

- **Sant Enèji Garnet:** NextEra Energy Resources ap konstui yon enstalasyon solè 200 megawat, ki akonpaye pa 20 megawat, nan vil Conquest.

Finger Lakes

- **Pwojè Solè Highview:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 20 megawat nan vil Castile.

Mohawk Valley

- **SunEast Flat Hill Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Manheim.
- **SunEast Grassy Knoll Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Manheim.

- **SunEast Limestone Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Perth.
- **SunEast Tabletop Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 80 megawat nan vil Palatine.

North Country

- **ELP Ticonderoga Solar:** East Light Partners ap konstui yon enstalasyon solè 19,99 megawat nan vil Ticonderoga.
- **North Side Energy Center:** NextEra Energy Resources ap konstui yon enstalasyon solè 180 megawat nan Brasher, Massena, ak Norfolk.
- **Sandy Creek Solar:** Boralex ap konstui yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Adams ak Ellisburg.
- **Greens Corners Solar:** Boralex ap konstui yon enstalasyon solè 120 megawat nan vil Hounsfield ak Watertown
- **SunEast Fairway Solar:** SunEast Development ap konstui yon enstalasyon solè 19,99 megawatt nan vil Oswegatchie.

Southern Tier

- **Pwojè Ewolyen Cohocton:** TerraForm Power ap re-alimante yon pak ewolyen ki egziste, k ap mennen nan yon ogmantasyon nouvo kapasite enèji renouvlab 35.8 megawat nan vil Cohocton.
- **Pak Ewolyen Prattsburgh:** Terra-Gen ap konstui yon pak ewolyen 145 megawat nan vil Avoca, Cohocton, Prattsburgh, ak Wheeler.
- **SunEast Valley Solar:** SunEast Development ap konstwi yon enstalasyon solè 19,99 megawat nan vil Owego.

Rejyon Lwès New York

- **Martin Rd Solar:** Empire Renewables, LLC ap konstwi yon enstalasyon solè 19,99 megawat nan vil Machias ak Yorkshire.
- **South Ripley Solar and Storage:** ConnectGen ap konstui yon enstalasyon solè 270 megawat, ki akonpaye pa 20 megawat, nan vil Ripley.
- **Steel Winds Wind Farm:** TerraForm Power ap re-alimante yon pak ewolyen ki egziste, k ap mennen nan yon ogmantasyon nouvo kapasite enèji renouvlab 4.8 megawat nan vil Lackawanna.
- **Steel Winds Wind Farm 2:** TerraForm Power ap re-alimante yon pak ewolyen ki egziste, k ap mennen nan yon ogmantasyon nouvo kapasite enèji renouvlab 2.6 megawat nan vil Lackawanna ak komin Hamburg.

Pou apiye elan sibvansyon pwojè sa yo, NYSERDA ap pibliye pwochen apèl dòf pou enèji renouvlab agran echèl nan kad Nòm Enèji Pwòp la nan Jounen Latè 2020 an. Mentyen yon rit previzib demann anyèl pou enèji renouvlab ap sipòte enterè k ap kontinye genyen nan kad devlopman ak envestisman nan Eta New York, epi apiye estati Eta a kòm yon mache lidè pou devlopman enèji renouvlab nan Etazini.

Pou sipòte pwogrè pwojè enèji renouvlab atravè eta a, nan mwa fevriye a, Gouvènè Cuomo te pwopoze Lwa sou Kwasans Akselere Enèji Renouvlab ak Benefis Kominotè

(Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) (Lwa a) pou akselere nan fason konsiderab pèmi ak konstriksyon pwojè enèji renouvlab yo pou konbat chanjman klimatik la epi fè ekonomi vè eta a pwogrese. Dapre Lwa a, yon nouvo Biwo Pèmi Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Permitting) ap kreye pou amelyore epi rasyonnalize pwosesis seleksyon sit ki respekte nòm anviwònmanal epi ki rantab pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè New York pandan l'ap bay avantaj enpòtan a kominote lokal yo. Anplis, Lwa a ta kreye tou Pwogram Ensitasyon ak Devlopman Resous Enèjetik Pwòp la (Clean Energy Resources Development and Incentives Program) NYSERDA a pou fè nouvo pwojè ki "Prè pou Bati" yo pwogrese rapidman epi priyore devlopman sit komèsyal ki egziste deja oswa ki te abandone yo, zòn endistriyèl yo, depotwa yo, ansyen sit endistriyèl yo, ak sit abandone yo oswa sit ke yo pa itilize ase yo. NYSERDA, an konsiltasyon avèk ESD ak lòt ajans yo, pral imedyatman kòmanse pouswiv kontwòl sit ak aktivite devlopman anvan konstriksyon pou nouvo pwojè potansyèl enèji renouvlab yo, ki gen ladan yo pèmi ak evalyasyon fezabilite resous yo, kominote akèy ak akò PILOT yo, konsepsyon, planifikasyon ak lòt aktivite apwopriye nesese pou etabli sit ki prè pou bati yo. Yon fwa ke yo otorize ak devlope sit yo konplètman, NYSERDA pral mete sit devlope yo nan vant ozanchè, akonpanye ak kontra pèman enèji renouvlab, pou bay devlopè prive yo yon pake san risk pou konstwi ak opere pwojè nan sit sa yo. Dapre Lwa a, aplikasyon konplè yo trete nan espas yon ane, eksepte nan ka sèten ansyen sit komèsyal ak endistriyèl, ke y ap revize nan espas sis mwa.

Prezidan Komite Enèji Sena a, Kevin Parker, te deklare, "Antanke Prezidan Komite Enèji ak Telekomunikasyon, mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou konsistans ak angajman li pou investi nan inisyativ k ap rann li sèten ke nou se lidè nan mouvman Enèji Pwòp la. Se yon gwo etap enpòtan k ap kreye opòtinite travay nan sektè anviwònman pou elektè 21yèm Distri Sena a, kote mwen reprezante a ak nan tout gran Eta nou an".

Prezidan Pwoteksyon Anviwònman Sena a, Todd Kaminsky, te deklare, "Lè nou angaje nan pwojè enèji renouvlab akselere a gran echèl, n ap voye yon mesaj klè ke New York nan tèt konba chanjman klimatik la e l ap devlope yon nouvo ekonomi vè. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak sipò kontini li pou ekspansyon enèji vè solid eta a k ap ede reponn a objektif anbisyè CLCPA a epi prezève anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan pou Pwoteksyon Anviwònman Asanble a Steve Englebright, te deklare, "Lwa sou Pwoteksyon Kominote ak Lidèchip Klima a egzije New York pou reponn a objektif rediksyon gaz efè sè agresif yo. Pwojè enèji renouvlab entelijan sa yo se premye etap esansyèl pou reyalize rezilta sa. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li aji rapidman pou reyalize transfòmasyon anbisyè sistèm enèji eta nou an".

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral IPPNY la Gavin Donohue, te deklare, "Manm IPPNY yo apresye rega Gouvènè Cuomo sou sektè prive a pandan n ap konstri griy elektrik lavni an. Pou atenn objektif anviwònmanal New York, sa nesese investisman kontini. Devlopman resous andedan eta a kontinye bay avantaj ekonomik pou kominote akèy yo ak Eta a an antye alafwa, e repons solid konpetisyon pou sibvansyon sa yo montre ke devlopè yo vle investi nan New York".

Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York) Anne Reynolds te deklare, "Pwojè ewolyen ak solè sa yo pote travay konstriksyon reyèl, pèman taks lokal, ak kouran san polisyon ke nou tout bezwen pou alimante lavi nou. Sektè enèji renouvlab la ap montre preparasyon li pou envesti nan New York epi ede sipòte objektif enèji pwòp anbisyè yo. Nou bat bravo pou New York pou pwogrè li dapre Nòm Enèji Pwòp la".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)